



**Rapò Konsèy la**  
**5 Avril 2024**



# MIZAJOU KONSÈY LA

Ki soti nan biwo Doktè Alexandra Estrella, Direktè  
5 Avril 2024

## EKSELANS, EKITE AK ENKLIZYON

### Tès ak Responsablite



Peryòd tès sezon prentan Asosyasyon Evalyasyon Nòdwès la (Northwest Evaluation Association, NWEA) te louvri nan dat madi 2 avril. Pandan trimès sa a, tout elèv matènèl jiska 10yèm ane pran tès evalyasyon Kwasans MAP (Measures of Academic Progress, MAP) nan lekti ak matematik. Sa a bay distri a opòtinite pou l revize kwasans elèv yo, nonsèlman soti nan sezon otòn 2023-2024 rive nan sezon prentan an, men tou soti nan sezon prentan 2023 rive nan sezon prentan 2024 la pou elèv ki fè menm nòt yo. Yo pral evalye rezilta yo nan nivo klas la, lekòl la ak distri a anvan yo administre tès Smarter Balanced lan nan tout eta a nan mwa me.



Yo ofri sipò pou ekip ki reponsab tès lekòl yo, pandan y ap evalye sipò ak aranjman pou elèv yo. Yo konsantre sou elèv 11yèm ane yo ki pral pran evalyasyon Next Generation Science lan nan dat 8 ak 9 avril. Nan jou sa yo, elèv klas 9yèm ak 10yèm ane pral pran Tès Evalyasyon Eskolè Preliminè (Preliminary Scholastic Assessment Test, PSAT) sezon prentan an.



Yo pwolonje aksè ak Panorama Survey la (Sondaj Panorama) jiska fen jounen lendi 8 avril la. Sijè sondaj yo gen ladan pèsèpsyon ladrès ak konpetans elèv la, pèsèpsyon elèv la ak anplwaye yo sou sipò, anviwònman ak relasyon fanmi ak lekòl. Objektif patisipasyon an se 80% pou elèv ak anplwaye epi 40% pou fanmi.

### Rechèch ak Analiz

Nan tèt kole ak CT RISE Network, ekip la te rasanble reprezantan ki soti nan tout kat (4) lekòl segondè yo pou yon Kominote Pratik ki santrè sou sikse apre lekòl segondè. Travay apre lekòl segondè a konsantre sou prepare tout elèv pou yo jwenn aksè epi reyisi nan domèn yo chwazi yo

(inivèsite, metye/teknik, militè, mache travay, elatriye). Se premye ane tout kat (4) lekòl segondè yo te patisipe nan travay sa a. Anvan sa a, se sèlman McMahon ki te patisipe nan travay apre lekòl segondè ak RISE. Sesyon an te konsantre sou konprann enpak sistèm ak mesaj ki gen prejije sa yo sou elèv nou yo, aksè ak resous ak reflechi epi fè yon lis fason pou yo kontrekare yo.

Ekip la te fè yon prezantasyon bay Konsèy la nan dat 2 avril. Yo te bay yon mizajou sou [Pòtre yon Elèv Diplome](#), ki se vizyon kolektif NPS pou tout elèv yo. Se chemen sa a pou nou swiv pou mete an pratik angajman nou pou garanti tout elèv ki fini etid yo nan NPS pare pou yo fè fas ak lavni. Epi ekip la te rankontre avèk Dalio Education ak RISE pou yo diskite sou rapò sou [Jèn ki Izole yo](#) ak mezi NPS ap pran pou abòde kriz la epi aplike rekòmandasyon rapò a. Tanpri gade nan [Dokiman Konsèy yo](#) pou jwenn prezantasyon sa yo. Epi ekip la te kolabore ak Devlopman Lidèchip pou prezide sesyon yo nan reyinyon Direktè ak Direktè Adjwen semèn sa yo sou Pòtre yon Elèv Diplome.

## Kominikasyon

### Lyen Rapid

- NPS Selebrev Semèn Apresyasyon Pèsonèl Para-eskolè yo <https://bit.ly/3VJzWgf>
- Vil Norwalk ak NPS Selebrev Seremoni Poz Premye Wòch pou Konstriksyon Nouvo Bilding Dènye Modèl NHS/P-TECH la <https://bit.ly/3TE3Uzy>
- Yo Aksepte Norwalk Public Schools nan Rezo Nasyonal Distri Lekòl K ap Fè Inovasyon yo <https://bit.ly/3TS5xd9>
- Cybears Robotics Club Kalifye pou FIRST Robotics Competition District Championship (PREMYE Chanpyona Distri Konpetisyon Robo) a <https://bit.ly/3xi5TBP>

**Seremoni Poz Premye Wòch pou Konstriksyon Norwalk High School/P-TECH Norwalk**  
Norwalk Public Schools ak Vil Norwalk te selebrev seremoni ofisyèl poz premye wòch pou konstriksyon nouvo bilding dènye modèl Norwalk High School/P-TECH Norwalk la nan dat 1ye avril la. Nou te onore akeyi Gouvènè Ned Lamont nan seremoni an ansanm ak Lidè Majorite Sena Connecticut la Bob Duff. Efò Lidè Sena a pou defann pwojè a te ede vil la benefisye yon pousantaj ranbousman 80% sou pwojè a.



Klike la a pou ou wè dènye edisyon "Inside NPS" a ki prezante seremoni poz premye wòch pou konstriksyon an, gade tout konferans pou laprès la, epi li plis enfòmasyon sou pwogram nan. <https://bit.ly/3TE3Uzy>

## Selebre Mwa Istwa Fanm yo

Pandan tout mwa mas la, NPS te selebre Mwa Istwa Fanm yo, n ap mete aksan sou lidè fanm yo ak edikatè k ap fè yon enpak sou elèv yo, lekòl yo ak kominote Norwalk la. Gade plis sou paj Facebook ak Instagram nou yo.



Nan lespri Mwa Istwa Fanm yo, Dirèkte Adjwen NPS la Sandra Faioes te reflechi sou tan li te pase nan Norwalk ak kontak li te fè yo pandan pakou li. Plizyè nan ansyen kòlèg travay li yo te pataje opinyon yo tou konsènan poukisa Sandra se youn nan gwo lidè Norwalk Public Schools ak kominote Norwalk yo. [Gade videyo a la.](#)



Epitou NPS Communications te gen ase chans pou l te chita pale ak Premye Dam Norwalk la, Lucia Rilling, ki te pale sou enflyans grann li ak manman l te genyen sou lavi l. Nou remèsye Madanm Rilling dèske li te konsakre yon tan pou l te patisipe nan selebrasyon mwa sa a. [Gade videyo a la.](#)

## Mizajou BOE

Chak de semèn, diferan depatman nan Lekòl Piblik Norwalk yo bay Konsèy Edikasyon an yon mizajou sou travay y ap fè pou asire yon kalite edikasyon ki bon e ki ekitab pou tout elèv yo. Klike la a pou li dènye Mizajou BOE a nan dat 22 Mas. <https://bit.ly/4a4DygX>

## Sizoka Ou Pa Te La



Seremoni Apresyasyon Pwofesè Jefferson Marine Science Elementary School  
<https://youtu.be/6Jc3P8JQamQ>

## Hola Familia #1



Communications kontan anpil pou l lanse nouvo seri sa a pou fanmi ki pale Panyòl nou yo sèlman!  
¡Gracias Catalina, Natalie y Leidy por su ayuda! [Gade videyo a la.](#)

## Selebreye Travayè Sosyal nan Lekòl yo



Pou fèmèn mwa mas la, nou te selebreye tout travayè sosyal lekòl yo ki jwe yon wòl esansyèl nan amelyore byennèt ak siksè elèv yo.

## **Klèb Literè Direktè a Selebre Mwa Istwa Fanm yo (VIDEYO)**

[https://www.youtube.com/watch?v=A1h29qWidlI&list=PLnaz\\_-SEqHdojvTYrMoEXG9JRBVa8I9E\\_&pp=gAQBiAQB](https://www.youtube.com/watch?v=A1h29qWidlI&list=PLnaz_-SEqHdojvTYrMoEXG9JRBVa8I9E_&pp=gAQBiAQB)

**Plis Ti Videos NPS yo! (VIDEOS)** [https://www.youtube.com/watch?v=mOIUigwGEQw&list=PLnaz\\_-SEqHdqAMDLa85HQjHXgqkZH6w9&pp=gAQBiAQB](https://www.youtube.com/watch?v=mOIUigwGEQw&list=PLnaz_-SEqHdqAMDLa85HQjHXgqkZH6w9&pp=gAQBiAQB)

Pa bliye gade plis ti videyo NPS yo.

- P-TECH selebre Mwa Istwa Fanm yo <https://youtube.com/shorts/BWr45dl5EYE?feature=share>

## **Dat Enpòtan**

**Mèkredi 10 avril** - Eid al-Fitr (Pa gen lekòl; Biwo Santral la ap Fèmen)

**15-19 avril** - Poz Prentan (Pa gen Lekòl)

**Lendi 29 avril** - Devlopman Pwofesyonèl Anplwaye (Klas yo ap Ranvwaye 2 Èdtan Avan lè)

## **Pwochen Evènman yo**

**NHMS ap prezante "Beauty and the Beast Jr."**

**Vandredi 5 Avril a 7 p.m. ak Samdi 6 Avril a 1 p.m. epi a 7 p.m.**

**Nathan Hale Middle School, 176 Strawberry Hill Ave. in Norwalk**

Klèb Teyat Nathan Hale la ap kòmanse pwodui "Beauty and the Beast Jr." premye wikenn mwa Avril. Jèn komedyen yo envite w vin pwofite komedi mizik sa a kote y ap chante sou istwa klasik sa a!

Tikè yo se \$8 pou elèv ak \$10 pou granmoun. Klike la a pou achte tikè.

<https://www.showtix4u.com/events/23868/?event=80818&date=214834>

**NHS ap Prezante "The Drowsy Chaperone"**

**Vandredi, 26 Avril ak 3 pou rive Me 7 p.m.; Samdi, 27 Avril ak 4 Me a 2 p.m. epi 7 p.m.**

**Lekòl Segondè Norwalk, 23 Calvin Murphy Dr. nan Norwalk**

Depatman Espektak Lekòl Segondè Norwalk la envite w nan "The Drowsy Chaperone," "yon komedi mizik."

Istwa a konsène yon moun ki renmen mizik ki pa sosyal nan teyat, li pa gen anpil laj, e li tris anpil, konsa li decide jwe pou piblik la yon moso nan mizik li pi renmen, yon prezantasyon ki la depi 1928 ki rele The Drowsy Chaperone. Pandan mizik la ap jwe, espektak la - yon reprezantasyon komedi mizik Ameriken nan ane 1920 yo - parèt vivan sou sèn nan, pandan tan sa mesye a ap kòmante mizik la ak yon vwa k ap pase nan rizib istwa a ak aktè yo.

Pwodiksyon NHS la se Charles McAfee ki dirije l epi direksyon vokal la se Steven Oliveri, koregrafi a se Maria Cherniske, epi direksyon òkès ak pwodiksyon an se Chris Rivera.

Tikè yo se 15\$ pou elèv ak moun aje, epi 18\$ pou granmoun. Klike la a pou achte tikè.

<https://www.showtix4u.com/events/22985/?event=79907&date=212740>

**3yèm Festival Anyèl Norwalk pou Jounen Planèt la**

**Samdi 27 Avril soti midi pou rive 4è p.m.**

**Norwalk Green, 8 Park St. nan Norwalk**

Aprann plis konsènan sa kominote Norwalk la ap fè pou l kreye yon anviwònman ki pi bon e ki pi pwòp nan 3yèm Festival anyèl Norwalk pou Jounen Planèt la. Se yon evènman GRATIS ki louvri pou piblik la!

Evènman sa a jwenn sipò gwoup anviwònman Norwalk yo, òganizasyon nan kominote lokal la, ak divès ajans nan vil la. Lekòl Piblik Norwalk yo fyè tou pou yo patisipe nan evènman an ane sa, pou montre talan elèv yo nan atizana ki itilize materyèl ki ka resikle ak pwojè lòt elèv ki montre sa yo aprann konsènan anviwònman nan klas yo.

**3yèm Pwogram Anyèl NorWALK pou Sante Mantal: Mache + Ekspozisyon sou Byennèt Samdi 4 me soti 9 a.m. pou rive 12 p.m. (dat pou sizoka gen lapli: 11 me) Norwalk Green, 8 Park St. nan Norwalk**

Twazyèm pwogram anyèl NorWALK pou Sante Mantal la pral prezante 8 Dimensions Wellness Fair la (Fwa Byennèt 8 Dimansyon an) ak mizik, atizay ak lòt aktivite amizan ansanm ak resous sante ak edikasyon. Vini a 10:30 a.m. pou tandè oratè kominotè epi pou eseye Laughter Yoga. Pwomnad Konsyantizasyon an, k ap fèt sou chèz woulant, ap kòmanse a 11:15 a.m.

Gen kèk elèv NPS ki pral pale nan pwogram nan, kidonk tanpri vin sipòte yo!

## **PWOGAM, ENSTRIKSYON AK APRANTISAJ ESPESYALIZE**

### **Syans Imanitè**

Ekip Syans Imanitè a te konplete kalandriye tit ki sigjere pou mwa avril la ki konsantre sou selebre Ameriken Arab yo, Konsyantizasyon sou Otis, Jounen Latè, ak Pwezi. Yo te konplete dènye edisyon Curriculum Corner la ki konsantre sou rechèch. Finalman, aprantisaj ak sipò pwofesyonèl la kontinye ofiramezi nouvo estanda Syans Sosyal yo ap parèt nan mwa septanm 2025 lan.

### **Matematik/STEM**

Ekip Matematik/Syans, Teknoloji, Enjenyeri, Matematik la (Science, Technology, Engineering, and Mathematics, STEM) ap evalue kòmantè espesyalman konsènan aprantisaj pwofesyonèl nan syans epi evalue itilizasyon yon nouvo resous pou ane eskolè 2024- 2025 lan. Apati kòmantè sa yo, ekip la ap prepare sesyon aprantisaj pwofesyonèl pou lekòl entèmedyè ak lekòl segondè ki pi enterese yo.

Pa rate eklips solè lendi 8 avril la! Ekip la te achte linèt NASA apwouve pou elèv klas matènèl rive nan 9yèm ane. Epi tou li te pataje konsèy konsènan sekirite avèk administratè yo epi ak fanmi yo.

Anplis de sa a, depatman STEM nan sipòte reyinyon Direktè ak Direktè Adjwen semèn sa a pandan n ap kontinye konsantre sou Pòtre Elèv Diplome a.

### **Ki Gen Don epi ki Gen Talan**

Doktè Lori Leibowitz, Administratè Pedagojik Adjwen pou moun ki gen Don epi ki Gen Talan (Gifted and Talented, GT) te prezante nan konferans nasyonal Asosyasyon Nasyonal pou Edikasyon Bileng (National Association for Bilingual Education, NABE) semèn pase a sou pi bon pratik moun ki gen don ak talan yo dapre pwogram Moun ki Gen Don epi ki Gen Talan nan NPS la. Travay li te mete aksan sou pwotokòl idantifikasyon, kourikoulòm, ak sèvis plizyè nivo yo ofri nan Norwalk atravè modèl enteresan devlopman talan NPS te devlope pandan kèk ane ki sot pase yo. Sesyon li a rele, "*Amelyore Aksè ak Ekite: Ogmante Opòtinite pou Elèv ki Gen Don K ap Aprann Plizyè Lang*" epi te gen anpil moun ki te patisipe epi sesyon an te entèrese yo anpil. Epi tou yo te ba Lori yon Prim pou Tèz Eksepsyonèl nan NABE pou travay li ak elèv ki pale plizyè lang yo.

## Elèv K ap Aprann Plizyè Lang

Ekip Elèv K ap Aprann Plizyè Lang nan te kontan fè yon prezantasyon nan konferans nasyonal Asosyasyon pou Edikasyon Bileng (NABE) semèn pase a nan New Orleans, Louisiana! Ekip la te fè prezantasyon an ansanm avèk Direktè Doktè Alexandra Estrella, Prezidan Konsèy Diana Carpio, Direktè Adjwen Rob Pennington, ak Direktè Cesar Nina ak Adam Reynolds. Yo te chwazi prezantasyon an pami yon pakèt kandida atravè peyi a epi se te yon onè dèske yo te chwazi l. Prezantasyon an te demontre angajman pou kreye ekite nan edikasyon pou Elèv K ap Aprann Plizyè Lang yo.

Family Center a ap kolekte wòb, soulye, ak akseswa fòmèl. Ede elèv lokal yo patisipe nan bal fen ane a. Bay yon wòb fòmèl pou ou pèmèt yon Elèv Senyò NPS al patisipe ak zanmi li yo nan yon pwogram fòmèl lekòl segondè.

Yo aksepte don wòb fòmèl yo kounye a jiska 26 avril nan The Family Center, 1 Park Street, Norwalk, CT 06851.

## Devlopman Travayè yo


Travay la ap kontinye nan Sibvansyon Career Z Challenge lan pandan ekip la patisipe nan kominote pratik la epi mete sou pye divès gwoup travay. Komite Ekspansyon Doub Kredi a te kreye yon aplikasyon pou pwofesè yo te pataje. Yo te prezante Pwen Esansyèl Devlopman Pwofesyonèl NPS yo nan reyinyon Atelye Konsèy Administrasyon ki te fèt 2 avril la, espesyalman sou Pakou Pwofesyonèl, Pwogram Sètifikasyon Norwalk Eta Connecticut la ak Atelye sou Devlopman Pwofesyonèl pou elèv lekòl segondè yo ak fanmi NPS yo. Pwogram Staj NPS la kontinye plase elèv yo kote pou yo fè staj yo. Today's Students Tomorrow's Teachers nan faz planifikasyon nan Brien McMahon High School.

## Konsèy/Sèvis Sipò

Konseye Lekòl yo te asiste yon sesyon Devlopman Pwofesyonèl kote yo te analize Gid Evalyasyon Risk la. Y ap mete sou pye yon komite pou mwa jen an pou pèmèt Konseye Lekòl yo ekri Pwogram Aprantisaj Emosyonèl ak Sosyal pou distri a pou klas 7yèm ane. Konseye lekòl yo te kòmanse travay ak entelektyèl yo pou seleksyon kou yo e yo kontinye rankontre yo si sa nesesè. Travay la kontinye nan SHAPE Assessment nan patenarya ak Child Health and Development Institute (Enstiti Sante ak Devlopman Timoun).

## Enstriksyon espesyalize

Depatman Aprantisaj Espesyal la selebre NHS Bears United. Gwoup la te òganize yon dans pou manm gwoup BHMS United yo nan dat 28 mas. Elèv ki soti nan toulede lekòl yo te danse pandan tout sware a epi epi yo te pase yon moman ekstrawòdonè!



Depatman an okipe nan finalize tout aspè Sibvansyon IDEA a yo dwe soumèt nan mwa me a, y ap prepare pou reyinyon sou bidjè lekòl yo, y ap fè tranzisyon elèv yo nan pwochen klas yo, epi y ap prepare pou pwochen Atelye Paran/ Soukomite Aprantisaj Espesyal BOE a nan dat 25 avril la.

Depatman an te fè yon gwo pwogram Konsyantizasyon sou Otis nan Norwalk Green Jedi 4 Avril. Ekip la te ogmante nivo konsyantizasyon an epi yo te limen Norwalk Green la tou ble!



### Entèvansyon ki Baze sou Rechèch Syantifik (Scientific Research Based Interventions, SRBI)

Chak Lekòl yo te anmezi pou pèmèt moun vizite lokal yo pou yo evalye domèn kote yo bezwen amelyore. Pwogramlekti volontè Reading Buddies te fè yon verifikasyon mitan ane pou evalye pwogrè epi pou gade kijan nou ka vin pi bon nan sipòte elèv yo. Epiou Repons pou Entèvansyon ak Enstriksyon (Response to Intervention and Instruction, SRBI) te anmezi patisipe nan fwa travay UCONN nan ak plis pase 40 pwofesè ki enterese nan domèn ki manke pwofesè yo. Ekip la ap prepare pou peryòd referans fen ane a.

## DEVLOPMAN LIDÈCHIP

### Reyinyon sou Lidèchip Lekòl la nan Mwa Avril la

Nan dat 2 avril ekip la te fè reyinyon avèk direktè nou yo epi nan dat 3 avril yo te fè reyinyon ak direktè adjwen nou yo. Tout moun te patisipe nan refleksyon ansanm epi yo te kòmanse reflechi anpil sou priyorite ansèyman pou ane lekòl 2024-2025 yo. Dirijan lekòl yo te reflechi sou pwosesis amelyorasyon lekòl la epi yo te patisipe nan aprantisaj pwofesyonèl ki gen rapò ak panse kritik. Planifikasyon reyinyon sa a se te yon rezilta kolaborasyon ant ekip epi li te gen ladan anpil kòmantè lidè lekòl nou yo.

An jeneral, fidbak lidè lekòl yo te trè pozitif Anjeneral, kòmantè dirijan lekòl yo te pozitif anpil..

### Etap Aprantisaj Distri a pou Avril

Semèn pwochen, ekip la pral patisipe nan twazyèm ak dènye pwomnad aprantisaj distri a. Ane sa a, Devlopman Lidèchip la te mete aksan sou yon aprantisaj pwofesyonèl ki konsantre sou [kritè evalyasyon](#) planifikasyon ak patisipasyon yo. Objektif pwomnad aprantisaj la se idantifye modèl distri yo pou idantifye domèn kote nou ka selebre siksè ak pwochen etap yo, ki gen rapò ak kritè evalyasyon yo. Yo pral itilize done sa yo pou yo ka pran desizyon sou aprantisaj pwofesyonèl nan lavni epi pou yo idantifye domèn ki bezwen sipò yo. Nan mwa sa a, manm ekip distri yo ak lidè lekòl yo pral vizite salklas yo ansanm nan sèt (7) lekòl.

## BIZNIS AK OPERASYON

### Sèvis Manje



Koulè pou mwa avril la se [Vèt](#). Videyo Vèt Madam Kelly a [la](#). Fri ak legim yo te prezante ou semèn 1ye avril la se te [melon siwo Myèl](#) ak [pwa gouman](#) youn apre lòt, ansanm avèk yon pòm koulè vèt kòm yon fri bonis.



#### Health Benefits:

1. High Water Content – great for hydration!
2. Fiber – heart health, digestive system & stable energy
3. Vitamin C – immune system, skin health and healing



#### Health Benefits:

1. Vitamin K – blood clotting and bone health
2. Iron – blood and bone health
3. Calcium – promotes strong bones, heart and muscle health

Videyo sou aprann epi goute Madan Kelly yo pi ba a:

[Aprann epi Goute: Pwa Gouman](#)

[Aprann epi Goute: Melon Siwo Myèl](#)

Semèn sa a, NPS te sèvi [seleri sèk](#) ak rezen vèt kòm yon pati nan Pwogram Fri ak Legim fre nou an.



**Health Benefits:**

1. Great source of fiber – good for digestion
2. Rich in Vitamin C – immune system and healing
3. High Water Content – great for hydration!



**Health Benefits:**

1. Copper: red blood cell formation, bone health, immune function
2. B Vitamins: brain and nervous system health, growth, and development
3. Antioxidants: overall wellbeing, reduces risk of heart disease and cancer

Natirèlman, pandan elèv yo ap manje fwi ak legim fre yo, yo ka aprann tout bagay sou ti goute yo ak Videyo Madam Kelly yo:

[Aprann epi Goute: Seleri](#)

[Aprann epi Goute; Rezen](#)



Vin patisipe ak ekip la madi 9 avril, nan Ponus nan yon konkou kuizin Syans, Teknoloji, Enjenyeri, Atizay, ak Matematik (Science, Technology, Engineering, Arts, and Mathematics, STEAM). N ap sèvi plat ki genyen an kòm yon pati nan manje midi lekòl la vandredi 12 avril la.

Rock the Bike ap kòmanse premye semèn apre vakans sezon prentan an. Elèv yo pral veye tikè pandan Manje Maten an pou yo ka jwenn yon chans pou yo genyen yon kous.

Elèv yo te pale - epi vwa yo rezonnen byen fò epi byen klè!

Nan dat 3 avril, klas siperyè yo pral sèvi, [Torta De Pollo](#) epi lekòl Primè yo pral sèvi [Pwa Nwa ak Sòs Mayi](#). Nan dat 24 avril, lekòl yo pral sèvi [Makawoni Rotini avèk Poul ak Bwokoli Alfredo](#).

## Etablisman



Seremoni poz premye wòch lekòl South Norwalk la pwograme pou 8 avril a 11:30 a.m. Nou espere w ap vin patisipe avèk nou!

Yo te apwouve yon demann pou Itilizasyon Tè nan dat 3 avril la, pou mande Eta a ranbousman 60% konsènan retire rezèvwa estokaj petwòl anba tè ak pou retire amyant nan Fox Run. Objektif la se fè pwojè sa yo pandan sezon ete a. Pwen sa yo pral bezwen apwobasyon final pandan reyinyon Konsèy Minisipal 9 avril la anvan yo soumèt yon aplikasyon bay Eta a.



## Sekirite Lekòl la



Aprè prèske yon peryòd dis (10) ane ap sèvi lekòl NPS yo, elèv yo ak anplwaye yo, Sèjan Orr p ap sipèvize Ajan Resous Lekòl yo ankò apati 4 avril, pandan li pral okipe yon nouvo pozisyon nan Depatman Lapolis Norwalk la (Norwalk Police Department, NPD).

Se Sèjan Brian Hamm ki pral Sipèvize Ajan Resous Lekòl yo nan plas li. Byenvini Sèjan. Hamm!

## Transpò

Durham School Services pral fè tès pou nouvo kandida chofè yo pandan kèk semèn kap vini yo. Dat tès yo se 5 avril ak 17 avril. Ekip la espere akeyi twa (3) nouvo chofè nan ekip la. Bòn chans!

## Sèvis Sante



Karlene Barnett, LADC, LPC-A ki soti nan Positive Directions, ap ofri konsèy konsènan alkòl ak dwòg gratis pou elèv lekòl segondè yo chak madi nan NHS/PTECH epi chak mèkredi nan BMHS/CGS.

[Konsèy sou alkòl ak dwòg nan NPS](#)

## Sibvansyon



Ekip la kontan anpil pou l anonse NPS te resevwa Premye Sibvansyon Robotics la pou sipòte klìb CyBears Robotics la. Ekip sibvansyon an te anmezi sipòte klìb la pandan yo prale nan PREMIE Chanpyona Distri Konpetisyon Robo New England lan. Sa a se yon etap enpòtan enkwayab nan istwa uit (8) ane klìb la. Epitou, NPS te sipòte Depatman Elèv K ap Aprann Plizyè Lang nan Norwalk High School nan yon pwogram y ap eseye pandan y ap fè yon vwayaj elèv senyò nan Washington DC.

## APRANTISAJ NIMERIK AK TEKNOLOJI

### Enterprise Software/Data

Komite Gouvènans Done a te rankontre ankò egzakteman anvan vakans sezon fèt la. Komite a te fikse objektif pou yo kòmanse defini wòl ak responsablite pou kreye dokiman, reflechi sou matirite sistèm done aktyèl yo epi idantifye wòl yo nan kontèks sistèm prensipal nou chak travay la.

Nou remèsye Alden Burnham ki te jwe yon wòl esansyèl nan kreye yon metòd pou avansman pwojè sa a. Epitou li te bay resous ak materyèl lekti ki te bon anpil pou manm komite yo.

### Enfrastrikti oswa Operasyon

Ekip la te fin evalye nouvo lojisyèl pwoteksyon rezo yo. Digital Learning pral gen nouvo lojisyèl pwoteksyon rezo Fortigate la ki soti nan Fortinet. Lè w konsidere depans total pou envestisman an (Total Cost of Ownership, TCO), sou senk ane, NPS pral ekonomize apeprè \$270,000.

### Aprantisaj Nimerik

Digital Learning ta renmen felisite Amy Fussarelli ak Dan Kreiness dèske Verizon te nonmen yo pou yo sèvi kòm Antrenè Fòmètè pou ane lekòl 2024-2025 lan. Kòm Antrenè Fòmètè, yo pral bay lòt antrenè aprantisaj dijital nan tout peyi a sipò epi amelyore pwòp konpetans pa yo pou yo ka ede nouvo antrenè yo nan nouvo lekòl VILS yo.

Ekip Radyodifizyon Fox Run lan ap pwodui aktyèlman dezyèm edisyon nouvel Fox Run yo. Efò yo gen ladan anrejistreman entèvyou, ekri senaryo, ak edite videyo avèk WeVideo. Anplis de sa a, de (2) elèv ap resevwa plis ekspètiz dèske yo patisipe nan pwogram sètifikasyon pou elèv WeVideo a.

Nan patenarya ak pwofesè oswa antrenè Syans Cranbury, Antrenè Digital Learning nou yo ap devlope yon videyo STEM pou montre pwojè ak eksperyans STEM elèv nou yo. Yo pral prezante videyo sa a nan ekspozisyon STEM nan mwa avril la.

Yo te chwazi direktè a, Cesar Nina, pou prim Administratè Asosyasyon Bibliyotèkè Lekòl Connecticut la (CT Association of School Librarians, CASL). Yo pral onore l nan seremoni Spring Fling yo a nan mwa me a pou selebre angajman li nan sipòte, kenbe, epi fè amelyorasyon nan bibliyotèk la.

Maria Paris, espesyalis medya bibliyotèk nan Jefferson, te resevwa prim 24 Virtual Award ISTE a, ki pral pèmèt li patisipe nan konferans Sosyete Entènasyonal pou Teknoloji nan Edikasyon an (International Society for Technology in Education, ISTE) sou entènèt.

Avril se Mwa Nasyonal Bibliyotèkè Lekòl yo. Se yon moman pou nou selebre travay tout espesyalis medya bibliyotèk yo ap fè pandan ane a. Yo se pwofesyonèl ki transfòme bibliyotèk yo pou fè yo tounen aprantisaj.

## FINANS

### Mizajou sou Pewòl la

Faz 1 baz done avantaj retirete yo ofisyèlman fini. Kounye a n ap prepare pou pwochen faz la epi byento nou pral rankontre ak ekip Sistèm Enfòmasyon Resouzimèn yo (Human Resources Information Systems, HRIS) pou nou ka kòmanse pwosesis la. Men, se pa sa a sèlman - anpil preparasyon deja ap fèt pou enskripsyon ouvè a! Pou garanti yon lansman san pwoblèm epi ki reyisi, ekip avantaj yo ak ekip Pewòl la pral fè yon reyinyon chak de (2) semèn. Kolaborasyon sa a pral garanti yon eksperyans san tèt chaje pou tout moun pandan peryòd enskripsyon ouvè ane sa a.

### Bidjè

Odyans BET a sou bidjè pou fonksyonman an te fèt nan dat 2 avril la. Yo te fikse limit bidjè a nan 3%. Ekip bidjè a ap travay anpil pou li evalye pwojeksyon pou ane lekòl 2023-2024 la epi l ap asire l pèman yo fèt alè. Pou l ka fè sa a, l ap revize kòmand acha yo. Epitou dènyèman ekip bidjè a te ajiste pwojeksyon ki gen rapò ak salè, avantaj, ak lòt bagay ki pa salè.

Anplis de sa a, ekip la ap prepare dosye bidjè elèv yo (student-based budget, SBB) aktivman pou ane lekòl 2024-2025 lan. Pou ane sa, Finans te fè mizajou nan dosye yo pou li bay yon imaj ki pi konplè sou sibvansyon ki aplike dirèkteman nan lekòl yo. Amelyorasyon sa a pèmèt direktè yo planifye epi kolabore ak fon finansman lokal ki gen rapò ak lekòl yo.

Semèn pase a, Finans te òganize yon nouvo sesyon fòmasyon sou bidjè elèv pou Direktè yo ak yon sesyon fòmasyon mizanivo pou tout Direktè ak Direktè Adjwen yo. Reyinyon mizajou SBB sa a te fèt sou entènèt epi li te sèvi kòm yon rankont ki louvri pou tout patisipan yo poze kesyon konsènan pwosesis SBB a pou ane Bidjè 2024-2025 lan.